



**Department of
Education**

Dennis M. Walcott, Chancellor

Ojeda Hall
Executive Director
Office for Family
Information and Action

49 Chambers Street
Room 503
NY, NY 10007

+1 212 374 2323 tel
+1 212 374 0076 fax

Chè Paran:

N ap fè w konnen Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ap refè vòt rekòmandasyon an pou eleksyon Konsèy Edikasyon pou Kominote a ak pou Vil la pou 2011 lan. Y ap fè nouvo vòt rekòmandasyon an apati **18me 2011** rive **25 me 2011**. Vòt rekòmandasyon yo te reyalize nan kòmansman mwa me a anile, epi yo p ap konte oken vòt ou te soumèt pou pwosesis vòt sa a. Ant 18 me ak 25 me, yo ankouraje pou tout paran elèv lekòl leta Vil Nouyòk pou yo patisipe nan eleksyon Konsèy Edikasyon pou Kominote a ak pou Vil la lè yo fè yon vòt rekòmandasyon pou fè konnen ki kandida yo pi pito.

Kòman pou fè yon vòt rekòmandasyon:

- Vòt rekòmandasyon an ap fèt sou entènèt nan <http://www.powertotheparents.org>. Si w pa gen aksè yon konpitè, ap gen konpitè disponib pou vote nan lekòl pitit ou ak nan Biwo pou Enfòmasyon Fanmi ak Aksyon *Office for Family Information and Action* (OFIA), 49 Chambers Street, 5th Floor.
- Pou kapab vote, ou dwe ouvri yon sesyon lè w antre nimewo OSIS pitit ou a ki gen 9 karaktè ak 5 chif kòd postal ou. Ou te sipoze resevwa yon komunikasyon osijè nimewo OSIS pitit ou ann avril. Ou ka jwenn nimewo OSIS pitit ou a tou lè w kontakte Koòdonatè paran lekòl ou a.¹ Si w rankontre difikilte lè w ap ouvri sesyon an pou vote a, tanpri kontakte OFIA nan 212-374-4118.
- Yo ajoute lòt kandida ak lòt enfòmasyon kandida sou entènèt nan <http://www.powertotheparents.org>. Tanpri, revize enfòmasyon sa a avan ou fè vòt rekòmandasyon an.

Mèsi pou angajman w nan lekòl leta Vil Nouyòk.

Ojeda Hall
Direktè egzekitif
Biwo pou Enfòmasyon Fanmi ak Aksyon

¹ Dapre Règleman Chanselye a sou pwosedi vòt rekòmandasyon an, si yon fanmi gen plis pase yon timoun, fanmi an otorize pou l soumèt yon vòt sèlman pandan vòt rekòmandasyon an. Fanmi sa yo sipoze seleksyone nimewo OSIS yon timoun pou itilize pou ouvri sesyon an ak pou vòt la.